PLAGIAT.UZ

PLAGIATGA QARSHI TIZIM

https://plagiat.uz

# Й Ў Р И Қ Н О М А С Ы

**Plagiat.uz** платформасы, плагиатқа қарсы жергиликли система. **Plagiat.uz** системасынан пайдаланып, электрон (пдф, доц, доцх, тхт ҳәм басқа түрдеги) кеңейтилген ҳүжжетлер онлайн тексериледи. Плагиатқа тексериўде, бул система ҳүжжетлердиң барлық көринисиндеги текстлерин таллаў, олардың альтернативлерин табыў имканиятына ие. Система, халықаралық ҳәм жергиликли мағлыўматлар базасындағы бар мағлыўматлар менен, тексерилип атырған ҳүжжеттиң текстин салыстырады. Көширмечилик жолы менен өзлестирилген текст ҳәм мағлуўматларды анықлайды. Тиккелей нусқа көшириў, парафразалаў, бейимлестириў, структурасын өзгертиў арқалы өзлестирилген яки жасалма интеллект технологиялары жәрдеминде (генерация) етип, жазилган текстлерди анықлайды. **Plagiat.uz** системасы тексериў нәтийжелери бойынша есабат, жуўмақ ҳәм сертификат усынады.

**Тошкент - 2024**

# Plagiat.uz

Текстлердеги плагиатты анықлаў ушин ислеп шиғылган жетик, пайдаланыў ушин әпиўайы ҳәм қолайлы система! Плагиат түсиниги, бул басқа авторлар тәрепинен жаратылган текстлер, мағлыўматлар, илимий жаңалықлар, идеялар ҳәм барлық түрдеги жазба дереклерди, олардың разылығысыз яки пайдаланылған деректи (ситата) келтирместен өзлестирип алыныўы болып табылады. Бунда автор өзгелердиң шығармасын өзиниң дөретиўшилиги сыпатында көрсетиўи (көширмечилик) яки оннан пайдаланыўы, академиялық ҳадаллық ҳәм илимий-етикалық қағыйдаларға қарсы есапланады.

**Plagiat.uz** системасы Өзбекстан Республикасының “Киберқәўипсизлик ҳаққында”ғы ҳәм “Шахсий мағлыўматлар ҳаққында”ғы нызам талапларына жуўап береди ҳәм 2024-жыл 24-октябрьде 03-18-01/3218-санлы “Цйбер Сецуритй Центер” тәрепинен экспертизадан өткерилген. Система сервери Өзбекстан аймағында жайласқан болып, тексериўлер процесинде системаға жүкленген барлық ҳүжжетлер, мағлыўматлардың сыр сақланыўы кепилленеди. Өзбекстан Республикасы Жоқары Билимлендириў, Илим ҳәм Инновациялар министрлигиниң Академикалық ҳадаллық ҳаққындағы 2024-жыл 14-октябрь. № 381-санлы буйрығының “Киберқәўипсизлик ҳаққында” ҳәм “Шахсий мағлыўматлар ҳаққында”ғы нызам талапларына жуўап береди.

**Плагиат түрлери:**

*Толық өзлестириў:* Басқа бир автордың мағлыўматларын толық нусқалаў.

*Қисман өзлестириў:* Информацияны айырым бөлимлерин өзгертип яки аўдарма етип, өз дөретиўшилиги сипатында көрсетиў**.**

*Ситата дерегин көрсетпеў:* Пайдаланылган маглиўматлардың дерегин көрсетпестен (цитатион - ситата келтирмеў) өзлестириў**.**

*Жасалма интеллект:* (AI) технологияларынан пайдаланып жазилган текстлер.

## 1. Системасына https://plagiat.uz интернет мәнзили арқалы кириледи




**1-сүўрет. Плагиат.уз системасының бас бети**




**2-сүўрет. Плагиат.уз системасында дизимнен өтиў хәм системаға кириў**

*Телеграм арқалы кириў:* Мобил байланыс номериңизди киргизиң ҳәм “Кейинги” түймесин басың. Телеграм профильиңизге бот арқалы “Тастыйықлаў” яки “Бекор етиў” түймелери сәўлеленген хабар келеди. “Тастыйықлаў” түймеси басылганда, әне усы телефон номери телеграм менен сизиң профильиниз ашылады. “Бекор етиў” түймеси басылганда профильге кириў бийкар етиледи.




**3-сүўрет. Тизимге кириў**






**4-сүўрет. Бар гоогле яки яндех почталары арқалы системага кириў**

**Plagiat.uz** системасы өзбек, инглис, қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде ислеп шығылған болып, усы тиллерде көрсетпелерге ие .



**5-сүўрет. Система тиллери**

Жоқарыда келтирилгениндей, плагиат.уз системасына ҳәр қыйлы усыллардан пайдаланып кириў мүмкин. Буның ушын пайдаланыўшылар өзиниң алдыннан бар болған е-маил почта мәнзиллери арқалы ямаса телеграм аккаунти арқалы да кириўи мүмкин.

“Системага кириў” түймеси басылганда сайт жана бетке өтеди (3-сүўрет). Бул ўеб-беттиң төменги бөлиминде “Телеграм” логотипи жайласқан (6-сүўрет). “Телеграм” түймеси үстине тышқан менен бир мәрте басылады.




**6-сүўрет. Телеграм логотипи**

Телеграм логотипи арқалы эпиўайы пайдаланыўшы сыпатында (жеке) аккаунтқа кириў мүмкин. Мәмлекет аты, мобил байланыс номери киргизиледи ҳәм “Кейинги” түймеси басылады (7-сүўрет).




**7-сүўрет.**




**8-сүўрет. Тастыйықлаў**

Сизиң мобил байланыс қуралы (телефон) номериңизге ашилган телеграммаға 8-сүўретте көрсетилген көринисте хабар келеди. Бул хабардың ең

төменги бөлиминде “Тасдиқлаў” түймесин басың. Плагиат.уз сайтында, 9-сүўретте көрсетилген бет ашылады. “Қабыл етиў” түймесин басып, плагиат.уз бетинде жеке аккаунтқа жалғанасыз.




**9-сүўрет.**

**Plagiat.uz** бетинде жеке аккаунтқа кирилгенде, сизге ID номери бериледи. ID номериңиз жеке кабинетиниздиң жоқарысында жайласады (10-сүўрет). Егер, сиз гмаил почта мәнзили арқалы системага кирсеңиз, система сизи жана ID номери менен дизимге алады. Сиз Яндех почта мәнзили арқалы системаға кирсеңиз, система сизи җәне бир жаңа ID номери менен дизимге алады. Сол себепли системаға кириўде, өзиңизге қолайлы болған усылды таңлаўыңыз ҳәм оннан турақлы пайдаланыўыңыз мақсетке муўапық болады.




**10-сүўрет. Бас меню ҳәм ID номери**

Жоқарыда келтирилген **Plagiat.uz** системасына кириў әпиўайы пайдаланыўшылар ушын. Физикалық тәреплер тәрепинен ықтыярлы түрде системаға кириў, көп мәрте дизимнен өтиўде хеш қандай шеклеўлер жоқ.

Физикалық шахслар әпиўайы пайдаланыўшылар сыпатында дизимге алынады. Әпиўайы пайдаланыўшы интерфейси төмендегише болады (11-сүўрет).




**11-сүўрет. Физикалық шахслар ушын (әпиўайы пайдаланыўшы) аккаунт интерфейсиниң көриниси**

***Атап айтқанда,*** юридикалық тәреплер ушын системадан пайдаланыў ҳәм системаға кириўде арнаўлы логин ҳәм парольлар плагиат.уз системасы жуўапкерлери тәрепинен бериледи. Юридикалық шахслар, яғный шөлкемлерге бир неше логин ҳәм парольларды усыныў имканияты бар. Тәреплердиң келисимлеринен келип шығып, шәртнама тийкарында әмелге асырылады.

***Қосымша,*** юридикалық шахслар яғный мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлердиң талапларынан келип шығып, оларға система интерфейсин сазлаў ҳәм шөлкемниң өзине бейимлестириў енгизилген.

Юридикалық шахслар яғный мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлердиң аккаунт интерфейси төмендегише көринисте болады (12-сүўрет). Шөлкемлер бир ўақыттың өзинде бир неше ҳүжжет пакетлерин плагиатқа тексериўи мүмкин. Әпиўайы пайдаланыўшыларда да бул имканият бар. Бирақ, мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер тәрепинен көплеген ҳүжжетлерди бир ўақыттың өзинде тексериўге туўра келеди. Сол себепли, бир ўақыттың өзинде, бир плагиат.уз аккаунына бир неше логин ҳәм парольлар менен кириў имканияты

бериледи. Бул логин ҳәм парольлар менен системаға бир ўақитта кириў ҳәм пайдаланыў мүмкин. Бунда, ҳәр бир логин пароль иеси тәрепинен пайдаланылған тексериўлер саны жазып барылады. Олардың статистикасы аккаунт интерфейсинде сәўлелендирилген. **Plagiat.uz** системасы тәрепинен статистикалық мағлыўматлар автоматластырылып орынланады ҳәм турақлы мониторинг етиледи.




**12-сүўрет. Юридикалық шөлкемлер ушын аккаунт интерфейсиниң көриниси**




**13- сүўрет**

**Plagiat.uz** системасында жеке аккаунт интерфейсиниң шеп тәрепиниң жоқары бөлиминде (13-сүўрет) көрсетилген меню бағаналары жайласқан. **Plagiat.uz** плагиатқа қарсы системасында логотипи үстине басылғанда, сайт өзин-өзи (ctrl+f5 update) етеди. “Тийкарғы сайтқа қайтыў” менюине басқаныңызда,

сайттың бас бети (1-сүўрет) ге өтиледи. Бул еки жағдайда да, система актив жағдайды сақлап қалады. Системадан толық шигиў буйрығы орынланбағанша, система актив есапланады. Басқа компьютер қуралларынан пайдаланғанда, бәркулла системадан шигиў усыныс етиледи. “Кабинет” менюи басылганда (11-сүўрет) турақлы бетке қайтады.  “Ҳүжжетлер” менюи басылганда (14-сүўрет) бет ашылады. “Төлемлер” менюсына басылганда (15-сүўрет) мениң профильим бетинде “Жеке,” “Акаунт сазламалары,” “Төлемлер” атлы ҳәриплер ашылады.

“Төлемлер” менюсындағы профильим бетинде “Жеке” атлы ҳәрипти басып, жеке мағлыўматларды зәрүр болганда редакторлаў ҳәм сақлаў мүмкин. “Төлемлер” менюсындағы “Мениң профильим” бетинде “Акаунт дүзилмелери” деген қалташа үстине басып, телефон номериңиз ҳәм е-маил почта мәнзилиниң атын өзгертиў ҳәм сақлаў мүмкин. Бул бөлимде төлемлер тарийхы, ҳәзирги жағдайы ҳәм маглиўматлар көрсетиледи.




**14-сүўрет. Ҳүжжетлер бети**

Физикалық ҳәм юридикалық шахслар ушын да интерфейслер уқсас. Ҳүжжетлерди плагиатқа тексериўди баслаў ушын алдын төлем әмелге асырылады.




**15-сүўрет. Төлемлер бөлими**

Төлемлерди әмелге асырыў ушын интерфейстиң жоқары бөлиминде жайласқан менюлар қатарындағы “Төлеў” буйрығынан пайдаланылады. “Түлеў” буйрығын басың хәм усы бет ашылады (16-сүўрет). Тексериўлер саны хәм сертификатлар санын киргизиң. Система автоматик түрде баҳасын белгилейди хәм көрсетеди. Төлем системасы бөлиминен пул өткериў усылын таңлаң. Төлеў түймесин басың. Төлем әмелге асырылганнан кейин, жоқарыдағы менюде есабыңыз турақлы көринип туради.




**16-сүўрет. Есапты толтырыў**

Төлем әмелге асырылғаннан кейин, ҳүжжетлеринизди плагиатқа тексериў ушын (17-сүўрет) көрсетилген “Ҳүжжетти тексериў” менюсин таңлаң. “Ҳүжжетти тексериў” менюи үстине тышқан менен бир мәрте басың. Екран орайында жайласқан “Ҳүжжетти таңлаң” жазыўын басың.




**17-сүўрет. Ҳүжжетти тексериў**

Екран орайында жайласқан “Ҳүжжетти таңлаң” жазыўы (17-сүўрет) қызыл сызық пенен шеңбер алынган ҳалда көрсетилген. Уси “Ҳүжжетти таңлаң” жазыўы үстине басылганда, екранда уси көринисте жана айна ашылады (18-сүўрет). Ҳүжжет жайласқан жерди табиң ҳәм ҳүжжетти таңлаң.




**18-сүўрет. Ҳүжжет жайласқан жерди табиў ҳәм таңлаў**

Таңланган ҳүжжет плагиат.уз системасына жүкленеди (19-сүўрет). Ҳүжжет надурис жүкленген болса, “Файлды алып таслаў” жазыўын басың. Ҳүжжет системадан алып тасланады. Егер жумисти даўам еттирмекши болсаңыз, төменги бөлимде жайласқан “Ҳүжжет аты,” “Ҳүжжет түри,” “Ҳүжжет сыпатламасы” бөлимлерин толтырың. Бул бөлимлерди толтырмастан да ҳүжжетти тексериў мүмкин. Ҳүжжетти тексериў ушин төменги он тәрепте жайласқан “Тексер” түймесин басың (20-сүўрет).




**19-сүўрет. Ҳүжжетти жүклеў**




**20-сүўрет. Ҳүжжетти тексериў**

Ҳүжжетлерди тексериў ўақти көп санлы ҳүжжетлер ушин 5-10 минут. Плагиатқа тексерилген ҳүжжетлер менюлар багана жайласқан “Ҳүжжетлер” бөлиминде избе-из жайласып барады (21-сүўрет).




**21-сүўрет. Текширилген ҳүжжетлер**

Тексерилип атырған ҳүжжетлер бөлиминен ҳәр бир ҳүжжет бойынша плагиатқа тексерилип атырғаны ҳаққындағы мағлыўматларды жүклеп алыў мүмкин. Он тәрепинде жайласқан “Интерактив көриў” түймесинен кейин...”“ белгиси бар. Бул...”“ түймесин басқаныңызда екранда тексериў нәтийжелерин көрсететуғын толық есабат, аналитикалық есабат ҳәм белгиленген үлгидеги жуўмақ (СЕРТИФИКАТ) ди көрсетеди. Буның ушын толық есабат, аналитикалық есабат ҳәм белгиленген үлгидеги жуўмақ (СЕРТИФИКАТ) лардың бирин таңлаў жеткиликли (22-сүўрет).




**22-сүўрет. Толық есабат, Аналитикалық есабат ҳәм СЕРТИФИКАТты жүклеп алиў**

Толық есабат, аналитикалық есабат ямаса сертификатты жүклеў буйрықлары таңланганда, керекли ҳүжжет жаңа ўеб-бетте пдф форматы көринисинде ашылады. Сақлаў бөлимине өтип жүклеп алынады. Бул есабатларды қәлеген ўақытта системаға кирип жүклеп алыў мүмкин. Ҳүжжетлерди жүклеп алыўда шеклеўлер жоқ. Бирақ, ҳәр бир тексериў ушын өз алдына төленгеннен кейин ғана система жумысын даўам еттиреди.

Плагиат.уз системасы көширилген текстлер қайсы дереклерден алынганлығын анықлаў ҳәм оларды анық көрсетиў имканиятына ийе (23-сүўрет).




**23- сүўрет**

Системада текстлердиң мазмуни өзгерместен, сөз ҳәм сөзлениўлер алмасқан жагдайларды (парафразаларды) анықлаў функциясы бар (24-сүўрет).

Sahifa 31

Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации.

Sahifa 35

... Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации ...

**409** **2023**
https://drive.google.com/file/d/1xrot7USd8gYJq-y8sAF2JHAcNywcDD90/view

**Tekshirish**

Sahifa 31

Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации.

**Manba**

Sahifa 37

... Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации ...

**410** http://library.navoiy-uni.uz/files/ingliz_va_ozbek_tillarida_olamning__frazeologik_manzarasida_gender__kontseptlarining_shakllanishi.pdf

**Tekshirish**

Sahifa 31

Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации.

**Manba**

Sahifa 33

... Обзор зарубежных научных исследований по теме диссертации2 ...

**411** **Пространственные особенности формирования системы внеуличного пассажирского транспорта Санкт-Петербургской агломерации**
**2020, Атаев Пётр Геннадьевич**
https://vak.minobrnauki.gov.ru/advert/100048445

**Tekshirish**

Sahifa 31

**Manba**

Sahifa 7

**24-сүўрет. Парафразалаў жоли менен өзлестирилген текстлер**

**Plagiat.uz** системасы жасалма интеллект - АИ технологиялары жәрдеминде пайда етилген текстлерди анықлаў қәсийетине ийе (25-сүўрет).

Data Analytics Tools
Purpose: Analyze data to extract meaningful insights.
Examples:
Apache Spark: A powerful engine for big data processing. 24
Machine Learning Algorithms: Used for predictive analytics and pattern recognition(Ambrus, 2023).

Material properties such as yield stress and fracture toughness also play a role in determining the cutting behavior and chip formation(Williams & Patel, 2016).

Cutting Parameters

Key cutting parameters include cutting speed, feed rate, and depth of cut, which significantly affect surface roughness and machining time(Tamrakar & Vishwakarma, 2017).

Optimization of these parameters can lead to improved tool life and reduced environmental impact, as evidenced by studies focusing on energy efficiency and noise reduction(Zhang et al., 2018).

**25-сүўрет. Жасалма интеллект - АИ технологиялары жәрдеминде пайда етилген текстлер**

**Plagiat.uz** халықаралық илимий баспалар, китапханалар ҳәм миллий илимий басылымлар базасына интеграцияласқан ҳәм турақлы интеграциялап барыў ушын мөлшерленген алгоритм тийкарында ислейди (26-сүўрет).

PLAGIAT.UZ

Kengaytirilgan hisobot

**Yaratilgan:** 27/10/2024 18:53:48

**Yil:** 2024

**Sahifalar:** 63

**Qidiruv modullari:** Internet 2.0, IEEE, Elektron kutubxona tizimlari to'plami, Rossiya davlat kutubxonasi dissertatsiyalari, Rossiya davlat kutubxonasining tezislari, Ilmiy maqolalar to'plami, Vikipediya:Ru, Vikipediya:En, Huquqiy hujjatlar to'plami, Rossiya Federatsiyasi Oliy attestatsiya komissiyasining dissertatsiyalari, Rossiya Federatsiyasi Oliy attestatsiya komissiyasining tezislari, KiberLeninka ilmiy elektron kutubxonasi, Ilmiy maqolalar 2.0, Rossiya Federatsiyasi sanoat mulki federal instituti, Birlashgan universitetlar to'plami, Local user collection "InsoftLab", O'zbekiston hududiy to'plami, O'zbekiston Milliy kutubxonasi, Ensiklopediyalar to'plami

**Hujjat raqami:** 23949

**Yuklab olishni boshlash:** 27/10/2024 18:53:48

**26-сүўрет. халықаралық илимий баспалар, китапханалар ҳәм миллий илимий баспалар базалары**




**27-сүўрет. Сертификат үлгиси**

***Байланыс ушын мағлыўматлар:***

| | |
|---|---|
| **Telegram:** | **Телефонлер:** |
| @plagiat_uz_1 | +998 93 993-77-55 |
| @plagiat_uz_2 | +998 94 437-77-55 |
| **Мәнзил:** | **e-mail:** |
| Xorazm ўәлаят, IT-Park, | info@plagiat.uz |
| Tinchlik көшеси. | support@plagiat.uz |